Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 26 (6814) 12 июль 2022 с. Талат ЗулхIижа 1443 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## «БакIалъулаб байбихьи», «Лъаялъул цебетIей»

### Программаби нухдаинари, налогал ракIари...

**2022-абилеб соналъул 5-абилеб июналда Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас муниципалитеталъул социалиябгун экономикиял рахъал церетIеялъул, ралел бакIал гIужда ва гIунгутIаби гьечIого рагIалде рахъинариялъул ва цогидал кIвар бугел рахъазда хурхарал суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Тадбиралда гьединго халгьабуна районалда миллиял, федералиял, регионалиял проектал нухдаинариялъул.**





Гьедин, Бакълъул районалъул бакIал раялъул ва архитектураялъул бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана республикаялъулаб «БакIалъулаб байбихьи», «Лъайкьеялъул цебетIей» абурал программаби нухдаинариялъул ва ясли-ахазда капиталияб ремонт гьабиялъул проекталъулъ гIахьаллъизе документал кьун рукIиналъул.

Муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас ракIалде щвезабуна, программабазда рекъон ралел бакIал, гIужда хIалтIизе риччазе кколеблъи. Проектал районалда гIумруялде рахъинариялда тIасан тIадкъаялги кьуна гьес.

Гьединго араб анкьалъ Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда тIобитIана налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизариялъул суалазда тIасан данделъи. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместителал ГIалихан ДавудхIажиевас, МухIамад КаримухIамадовас, РФялъул ДРялда бугеб ТОРМ МРИ № 12 ФНСялъул кIудияй специалист Асият ГIумарахъаевалъ, Бакълъул районалъул администрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереевас, муниципалитеталъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас ва цогидаз.



Гъалиповас халгьабуна Игьали росдал гьоркьохъеб школалда гьарулел хIалтIабазулги. Гьеб цIалул идараялъ гIахьаллъи гьабулеб буго «Лъайкьеялъул цебетIей» абураб программаялъулъ. Гьединго гьеб школалде щвана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул гIелмабазул ва лъайкьеялъул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановги. Школалъул директор СагIид МухIамадовас гьезда рихьизаруна гьарурал хIалтIаби.

Игьали росдал гьоркьохъеб школа къачIазе харж гьабун буго 14 млн гъурущ. «Точка роста» лъайкьеялъул централъе бана тIадеги бакI, къачIалел руго классал. ЦIалул идараялда хIалтIаби цIияб цIалул соналде рагIалде рахъинаризе гIужие босун буго.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Гъалип Гъалипов: «Цолъиялъулъ буго нилъер къуват»

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас гIахьаллъи гьабуна рагъулал лъугьа-бахъиназул ветераназул кIодо гьабураб тадбиралда. Афгъаниязда, рагъухъаби-интернационалистазда Гъалиповас баркана рагъулал лъугьа-бахъиназул ветераназул къо. «Цолъиялъулъ буго нилъер къуват, ВатIан цебетIезелъун нилъ хIалтIизе ккола цоцалъ рекъон, гIагараб ракь цIуни букIине ккола щивасул мурадлъун.**



Нужеца бихьизабуна ВатIаналде бугеб рокьи, гьелъие хIинкъи бугеб къоялъ, рухIалда барахщичIого, тIадаб налъи борхизе бугеб гьира. ХIурматиял ВатIан цIунулел! РакI-ракIалъ баркула нужеда рагъулал лъугьа-бахъиназул ветераназул къо! Нуж гIададзде абула: «МагIал гьаризе анищ гьадинал гIадамазул» - жидедаса къвакIарал магIал рукIинароан дунялалда! Ниж чIухIарал руго нужедаса, гIун рачIунел гIелазе руго мисаллъун.

Рагъухъаби-интернационалистазул жамгIиял идарабазулгун гIемерал цадахъал хIалтIаби гьарула Бакълъул районалъул админисрациялъ. КIудияб ВатIанияб рагъул ветераназдаса мисал босун, къиматаб бутIа лъуна нужеца цIиял гIелазул рухIияб ва цогидал рахъал церетIеялъе. Божи буго нахъеккунги гIагараб Бакълъул мухъ цебетIезе нужеца хIаракат бахъизе букIиналда. Рагъулал лъугьа-бахъиназул ветераназул къоялъ гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб гIумру, сундулъго тавпикъ ва кинабго лъикIабщинаб»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**ГIарафа къо – Аллагь малаикзабазда цеве лагъзадеридаса чIухIулеб къо**
- 2 гьум.



**ПатIимат ГIумарахъаева: «Эбел-эмен чIаго рукIаго, лъимал «бесдаллъи» – пашманлъизе ккараб иш»**
- 2 гьум.



**Шамил Батирмирзаев – исламиял къецазул цевехъан**
- 3 гьум.



**ХъистIаман Султанбеговалъе 80 сон**
- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ПIали-хIажи



КIУДИЯБ ГIИД

## Баркула Къурбан-байрам

**ХIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула нужеда араб бусурбабазул бищунго хирияб ва кIудияб Къурбан-байрам!**

**БетIергьанас къабул гьабеги гьеб къоялъ хъураб Къурбанги, гьабураб садакъаги, кинабго лъикIаб гIамалги. Аллагьас нилъер киналго лъикIлъаби Ибрагьим аварагасул (гI. с.) Къурбан гIадин къабул гьабеги. Аллагьас кьеги нужее щулияб сахлъиги, кIиябго рокъоб талихIги, рохелги, сабруги.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**Гьалип Гьалипов**

ДИНАЛЪУЛЪ БУГО ХВАСАРЛЪИ

## ГIарафа къо – Аллагь малаикзабазда цеве лагъзадеридаса чIухIулеб къо

**ЛъагIалил 12 моцIалда жаниб ТIадегIанав Аллагьас 4 моцI хира гьабуна. Гьел моцIаз хIарам гьабуна рагъ гьабизе, къисас босизе. Гьел моцIазул цояб ккола зулхIижа моцI. Гьеб моцIалъул тIоцебесеб 10 къоялъул хиралъи нилъеда бихьула гьел къояздалъун КъураналдаАллагь гьедиялдалъунги. Аллагьас зулхIижа моцI бихьизабун буго щибав бусурманчиясда тIадаб хIежалъул рукну тIубалеб моцIлъун. ТIоцебесеб анцIабго къоялда жаниб буго гьединго ГIарафа къоги.**

Бусурбабазул бищун кIудияб гIид Къурбан байрамги тIобитIула нилъеца хирияблъун гьабураб зулхIижа моцIалъ. ГIарафа къоялъ хирияб буго нилъее кIал кквезе. Аварагас ﷺ абуна: «Щив чи вугониги жинца ГIарафа къоялъ кIал ккурав, ТIадегIанав Аллагьас гьесул цебе араб соналъги бачIунеб соналъги гьарурал мунагьал чурила». Мунагьал чурулеб къойин абула ГIарафа къоялде, гьединлъидал нилъеца Аллагьасдаса, тавбу гьабун, тIалаб гьабизе ккола мунагьал чури, вагьаравгун рекъезе тIалаб гьабизе ккола, лъикIал гIамалал гьарулезда гьорлъ рукIинин абун ният гьабеги цIакъго хирияб буго.

Нахъеги ГIарафа къо ккола жужахIалъул цIаялдаса бусурбаби бищун гIемер тархъан гьабулеб къо. Суннатаб буго 1000 къулгъу цIализе, такбир бачине. ТIадегIанав Аллагь малаикзабазда цеве лагъзадеридаса чIухIулев ГIарафа къоялъ, хирияв диналъул вацал ва яцал, нилъедаги тIадаб буго нилъ Аллагьасде гIагарлъулел гIамалал гьариялде, исламалъул рукнаби камилго тIураялде кIвар кьезе.

ХIурматиял бакълъулал! РакI-ракIалъ баркула нужеда араб Къурбан байрам, ГIарафаялъул къо! Аллагьас къабул гьареги нужер гьарурал лъикIал гIамалал, тавпикъ кьеги фариазял ва суннатал ишал тIуразе, сахлъигун халатаб гIумру кьеги гIибадат гьабизе. АхIун ратаги Аллагьас гIумрагун хIаж борхизе. Амин.

**Бакълъул районалъул**
**имам ГIабдурашид ХIажиев**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## ПатIимат ГIумарахъаева: «Эбел-эмен чIаго рукIаго, лъимал «бесдаллъи» – пашманлъизе ккараб иш»

### Къайимлъиялда ругезул тIалабазда

**ЦерегIан къоязда ДРялъул хIукуматалда гьоркьоб лъун букIана бесдал лъималазе рукъзал росиялъул суал. Республикаялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасул рагIабазда рекъон, гьелъие гIоло 122 млн гъурущ федералияб централъ кьезе буго, 650 млн – республикаялъул бюджеталдасаги. Бакълъул районалъул администрациялъул къайимлъиялъул ва тIалаб-агъазалъул идараялда 2002-абилеб соналдаса нухмалъи гьабулей ПатIимат ГIумарахъаевагун дандчIвана «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан ва кьуна гьелъие чанго суал районалда бесдалазда, эбел-инсул тIалаб гьечIого хутIарал лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялда тIасан.**

**- ПатIимат Мусаевна, бокьилаан нужер отделалъ гьабулеб хIалтIул къокъго бицани.**

- Нижеца тIалаб гьабула районалда ругел бесдалазул, эбел-инсул тIалаб гьечIого хутIарал лъималазул, захIматаб гIумрудул ахIвал-хIалалде ккарал хъизаназул лъималазул, тIурала гьезул ихтиярал цIуниялъул суалал. Нижехъе бачIараб баяналда рекъон уна росабалъе халгьабизе, тIалаб гьабизе кколел лъимал росула хIисабалде. Нижер тIалаб-агъазалде ккарал лъималазе ралагьула цIиял хъизаби, къайимлъи гьабизе чи (опекун), васлъун (яслъун) хьихьизе чагIи (усыновитель). Нижеца гьединго тIалаб гьабула жидерго ихтиярал цIунизе, гьабураб ишалъул жаваб кьезе кIоларезулги (недееспособные лица). Гьезул магIишат, ихтиярал цIуниялда тIасан гIемер хьвадизе ккола судазде. Хасаб тIалаб гьабула экстремистазул къокъабазде гьорлъе эбел-эмен ккарал лъималазул, гьарула гьезулгун гара-чIвариял ва цогидал хIалтIаби.

**- Нужехъе лъица кьолел тIалаб гьабизе хIажатал лъималазда ва цогидазда хурхарал баянал?**

- Гьединал лъимал росабалъ ругодаян нижецагоги халгьабула, лъазабизе ихтияр буго бокьарав чиясул, ай, тIадабцин буго жидер ихтиярал эбел-инсуца цIунула гьечIел, бесдалал лъимал мадугьалихъ, росулъ рукIин бихьани, къайимлъиялъул ва тIалаб агъазалъул идараялда лъазабизе. ГьитIинал лъималазул, жидерго ихтиярал цIунизе ва гьабураб ишалъул жаваб кьезе кIоларезул тIалаб гьаби – щивасул борч. Нижеда гьединан лъазабун хадуб, ЗПН КДНялъул хIалтIухъабазда цадахъ ниж уна бугеб ахIвал хIалалъул халгьабизе, бакIалда хал-шал гьабиялъул акт гьабула, щиб гIиллаялдалъун лъимал кколеб тIалаб гьечIого хутIун ругелали лъазабула.

**- ГIемер ругищ, ПатIимат Мусаевна, нилъер районалда эбел-инсуца тIалаб гьабичIого тарал лъимал ва щиб гьелъие гIемерисеб дандчIвалеб гIилла?**

- 2002-абилеб соналъ отделалъул тIалабалда рукIана 60 лъимер, амма сонидаса-сониде гьезул къадар дагьлъана. ГьабсагIаталда 12 лъимер буго къайимлъиялда, 6 лъимер васлъун (яслъун) хьихьизе рачун руго. ГIемерисел дандчIвалел гIиллаби рукIуна эбел-эмен хун хутIи, гьезулги 2 батIияб тайпа букIуна: эбелги эменги хварал (круглая сирота), цоял хун, цогидав сакъатав вукIин, умумузул ихтияраздаса махIрум гьари, рос-лъади ратIалъи ва гь.ц.

**- Умумузул ихтияраздаса махIрум гьарурал ругищ районалда?**

- ЦерегIанго соназ 6 чи махIрум гьаруна умумузул ихтияраздаса. Ахирал соназ гьединал лъугьа-бахъинал ккечIо, рохизе ккараб иш буго гьебги.

**- Къайимлъиялда ругезе кинаб кумек щолеб пачалихъалдасан?**

- Гьединал лъималазе хIукуматалъ щибаб моцIие кьола 5442 гъурущ 18 сон базегIан. Гьелдаса хадубги пачалихъиял идарабазда цIалулел ругони, 23 сон базегIанги кьола моцIие гIарац. Бесдалазе кьола мина-карт. Нахъеги тIадеги чIезарурал сахлъи цIуниялъул ва цогидал рахъалъ гьабулеб кумек букIуна. Рукъ кьезе ккани, бесдалазда, гьезул тIалаб гьабулезда тIад мина-карт бугин абураб хъвай-хъвагIай букIине бегьуларо. Исана тIоцебесеб кварталалда 1 млн 200 азарго гъурущ букIана мина босизе бихьизабураб гIарац, кIиабилеб кварталалда индексациялда рекъон 60 000 гъурущ тIаде бачIана. Араб соналъги исанаги 6 лъималалъе босана рукъ. ТIоцебесеб 5 соналъ тIубан мина-карталъул ихтияр гьезухъ букIунаро, щайгурелъул, нилъер районалда ккечIониги, гIемер рукIуна лъугьа-бахъинал пачалихъалъ кьураб рукъ лъималазда бичизабиялъул, гьенир гIумру гьабизе цогидал гIадамал теялъул ва гь.ц., гьединлъидал администрациялъулгун къотIи-къай гьабула (социальный найм).

**- ТIалабалда ругезул рукIа-рахъиналъул шартIал чIезариялъул ва ихтиярал цIуниялъул халгьабиялъул тартиб кинаб бугеб?**

- Босараб мина-карт цIуниялъул къотIи-къай цIунун бугищали хал гьабичIого бегьуларо. Рукъ босула пачалихъалъ рукIа-рахъиналъе хIажатал шартIал ругеб, камуларо яхIнамус гьечIел, гуккун лъималгун, жидеего пайдаялъе цогидал гIадамал жанире риччалел, учузго мина бичизабулел. Гьединал ва цогидал законалъ гьукъарал ишал ругодаян ниж хъаравуллъиялда рукIине ккола. Къайимлъиялда ругел, васлъун-яслъун хьихьизе рачарал лъималазул гIумру тIамиялъул халгьабула лъагIалида жаниб 2 нухалъ. ГьабсагIаталда районалда гьезул ихтиярал цIуниялъул иш кутакалда лъикI буго.

**- Хьихьизе лъимал рачиналъул, къайимлъи гьабиялъул бугищ батIалъи?**

- Буго. Васлъун яги яслъун хьихьизе лъимер бачани, документазда ва цогидал рахъазда рекъон гьел чагIазул унго-унгояб лъимерлъун ккола, къайимлъиялда ругел лъималазул ихтиярал цIуниялъул иш тIубазабула 18 сон базегIан.

**- Районалъул цогидал идарабазулгун цадахъал хIалтIаби гьарулищ?**

- ГIемерал хIалтIаби гьарула районалъул руччабазул гIуцIиялъул вакилзабазда, полициялъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комиссиялъул инспекторасда, маданияталъул идараялъул хIалтIухъабазда, гурхIел рахIмуялъул «Инсан» фондалда цадахъ. Гьеб фондалдасан кIудияб кумек щола бесдалазе, захIматаб гIумрудул ахIвал-хIалалда ругезе. Цере рехсарал идарабазул вакилзабазе кьезе бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала районалда чияр тIалабалде ккарал, эбел-эмен гьечIел лъималазе рохел цIикIкIинабизе кквербакъаралъухъ. Муниципалитеталъул администрациялъги хIаракат бахъула къиматаб даражаялда нижер отделалъул масъалаби тIуразе, гьенисан кумек щвеялда бараб букIуна нижер хIалтIи цебехун инги.

**- Лъималазе тарбия кьеялда, гьезул ихтиярал цIуниялда хурхун кинаб хитIаб дуца гьабилеб эбел-инсуде, лъимал хьихьизе рачаразде?**

- Лъималазе гьитIинго къураб тарбия – рекIеда бикIараб накъищ, битIараб хьвадачIвади жидерго мисалалдалъун бихьизабиги бищун лъикIаб тарбия кьеялъул къагIида букIин балъгояб жо гуро. Дир хитIаб буго, хасго гIалохъал хъизаназдехун, сундулъго сабру кквеян, кигIан кIудиял гIайибал цоцаздехун ругониги, лъималазда цере къацандугеян. Умумузул цоял яги кIиялго хун лъимер хутIи хIакъикъияб иш буго, амма эбел-эменги чIаго рукIадго лъимал «бесдаллъи» пашманлъизе ккараб иш буго. Жидер цIобалде чияр лъимал ккараздеги гьари буго Аллагьги гIадамалги разилъулеб хIалалда гьезул тIалабал цIунеян. ТIагIен гьечIеб сабруги щулияб сахлъиги кьеги щивасе хъизан цIунизе ва лъимал хьихьизе.

ПатIимат Мусаевна, баркала дандчIвазе заман батаралъухъ, тавпикъ кьеги нахъеккунги районалда къайимлъиялде ва тIалаб-агъазалде ккарал лъималазул суалал къиматаб даражаялда тIуразе.



**Гара-чIвари гьабуна**
**Зугьра**
**ГIабдулкъадировалъ**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# Шамил Батирмирзаев – исламиял къецазул цевехъан

### Казаналдаса бергьенлъигун тIадвуссана

**ТIолгороссиялъулаб исламиял гIезмабазда ва гIараб мацIалда тIасан исламияб олимпиада тIобитIана Казанаь шагьаралда. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналдаса, Чачаналъа, Ингушетиялдаса, Татарстаналдаса, Мордовиялдаса ва цогидал Россиялъул республикабазул исламиял цIалул идарабазул студентаз.**



Гьедин, «Диналъул аслу» абураб номинациялда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъа Шамил Батирмирзаев. Бергьенлъи босаразе ва къимател бакIал щваразе шапакъатал кьеялъул хIурматияб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Татарстаналъул муфтий Камил хазрат Самигуллиница, КИУ ва РИИялъул ректор Рафик Мухаметшиница ва цогидаз.

Татарстаналъул муфтиясул рагIабазда рекьон, гIолохъанлъи – Аллагьасул рахIмат, лъай тIалаб гьабулаго жибги биччазе кколеб. Казань шагьаралъул мэриялъул вакилзабазги баркана къецалъулъ бергьраздa ва шагьаралъул нухмалъулесул рахьалдасал хасал сайигъатал кьуна.

Шамил Батирмирзаев ккола Дагъистаналъул шайих МухIамад-гIарифил цIар кьураб исламияб университеталъул студент. Исламиял къецазулъ гIемер щвана гьесие тIоцересел бакIал, чанцIулго бергьана как ахIиялъул ва цогидал къецазулъ. Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Батирмирзаевасда баркана иргадулаб бергьенлъи щвей, гьарана гьесие щулияб сахлъи, цIалулъ, гIумрудулъ нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Сулайман МухIамаднуровасул тIехьалъул – презентация

**Бакълъулазул районалъул ЦIилик росулъ тIобитIана Сулайман МухIамаднуровасул гIагараб росдал тарихалъул хъвараб тIехьалъул презентация. Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, Дагъистаналъул халкъияв шагIир КъурбанмухIамад МухIамадовас, ДРялъул СПялъул магIарул секциялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас, сахаватчи МухIудин МухIудиновас ва цогидаз.**

Данделъиялда гIахьаллъаразул рагIабазда рекьон, росдал тарих хъвараб тIехь къватIибе бачIин – кIвар цIикIкIараб иш.




Гьединго тадбиралда бицана «Бузнасан нух» бахъиялъул хIалтIаби хехго рагIалде рахъинаризе квербакъи кири цIикIкIараб иш букIиналъулги.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# ХъистIаман Султанбеговалъе 80 сон

### ШагIир кIодо гьаюраб тадбир гIуцIана

**МахIачхъалаялда, шигIруялъул Театралда, ХъистIаман Султанбеговалъул 80 сон тIубаялда хурхун тадбир тIобитIана. ШагIиралда юбилей баркана Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, Дагъистаналъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаевалъ ва цогидаз. Тадбир бачана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул магIарул секциялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас ва ДИРОялъул ректорасул заместитель ХIамзат Жамалудиновас.**




Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас тадбиралда баркиялъулаб кIалъай гьабуна ва баркалаялъулаб кагъатги цогидал сайгъаталги кьуна ХъистIаман Султанбеговалъе. Гьединго кIалъазе рахьана МагIарул театралъул нухмалъулев МухIамад БисавгIалиев, шагIирзаби Сабигат МухIамадова, Залму Батирова, ТIагьират Жаватханова, Залму МухIамадова, ДРялъул маданиялъул министрлъун йикIарай Наида ГIабдулхIамидова, «МагIарулай» журналалъул редактор Баху МухIидинова ва цогидал.

ХъистIаман Султанбегова гьаюна 1941-абилеб соналъул 20-абилеб декабралда Бакълъул районалъул ЛъаратIа росулъ. Гьелъул эмен – Султанбегов Султанбег гIемераб заманалъ хIалтIана Бакълъул районалъул РАЙПОялъул нухмалъулевлъун. ХъистIаманица кучIдул хъвазе байбихьана лъабабилеб классалдаса. ТIоцебесеб кечI гьелъ сайигъат гьабуна, гьезул рокъой гIумру гьабулей йикIарай гIурус мугIалим Нина Александровналъе.

Султанбеговалъул асарал къватIире рачIине байбихьана 1989-абилеб соналдаса. Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужуги ккола гьей. «ГIумрудул хIасил», «ГIумрудул хIисаб» абурал шигIрияl сборниказул презентация гьабуна Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда. Аслияб къагIидаялда ХъистIаманица жиндирго асаразулъ бихьизабула магIарулалъул гIумру, эбелалъул захIмат.

Гьединго ХъистIаман Султанбеговалъ жиграб гIахьаллъи гьабула «Муслимат» абураб жамгIияб идараялъул хIалтIулъги. Гьедин, гIуцIана гьелъ Бакълъул районалъул руччабазул гIахьаллъигун мавлидал ахIиги. ШигIруялъул рокъоб презентация гьабураб гьелъул «Лъабго борчIараб сордо» абураб тIехь буссинабуна гIурус мацIалдеги.

2022-абилеб соналъ Интизар Мамутаевалъ «Дагъистаналъул руччабазул гIуцIиялъул ракIалдещвеялъул медаль» абураб шапакъат кьуна ХъистIамание. Гье-лъул къватIире риччарал тIахьал: «ГIумрудул хIисаб», «ГIумрудул хIассил», «КватIараб кантIи», «Эбелалде», «Камураб тIамач», «ГIумрудул тIокIкIел», «Назму», «Лъабго борчIараб сордо», «ЛъачIого щвараб талихI», «Къисматалъул свераби».

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка – 2022

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2022-абилеб соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениядасанги редакциялдасанги. Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2022-абилеб соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.**




**КIиабилеб бащдаб лъагIалие багьа:**

**Почалдасан – 305,76 гъурущ.**

**Редакциялдасан – 125 гъурущ.**

**«Гумбет» РИО**

ЗИГАРА

**Районалъул информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Набигула АхIмадибировасда, ПатIимат АхIмадибировалда, «Гумбет» басмаялъул бухгалтер Муса МухIамадовасда вац, вацIгIал АхIмадибир АхIмадибиров къадаралде щвеялда бан. Хварасе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

# В Гумбете провели акцию «Подарите друг другу шоколадку»

6 июля 2022 года в селе Мехельта Гумбетовского района организовали акцию «Подарите друг другу шоколадку», приуроченную к Всемирному дню шоколада. Мероприятие состоялось по инициативе директора культурно-досугового центра Азры Рурухмаевой.



В рамках акции Азра Рурухмаева встретилась с односельчанами и раздала среди них сладости. Также она рассказала участникам мероприятия познавательные истории происхождения шоколада и возникновения праздника.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Арадирихский”»

Решение № 5

от 20 марта 2022 г. с. Арадирих

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Арадирихский”» за 2021 год**

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Арадирихский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Арадирихский”» за 2021 год Собрание депутатов:**

**Решает:**

1. Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Арадирихский”» Гумбетовского района за 2021 год:

- по доходам в сумме 4031,3 тыс. рублей согласно приложению №1 к настоящему решению
- по расходам в сумме 3968,3 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению, (источником финансирования дефицита бюджета 2021 года является остаток бюджетных средств 01.01.2021г -848,2 тыс. руб.)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет».

**Председатель Собрания Алигаджиев Г. М.**

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2021 г.**
**от 20 марта 2022 г. № 5**

## Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2021 год

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2021 год | Фактически исполнено за 2021год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 27,0 | 34,9 | 129,3 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 19,0 | 30,4 | 160,0 |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 58,0 | 71,0 | 122,4 |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 0,0 | 0,0 | |
| Итого собственных доходов | | 104,0 | 136,3 | 131,1 |
| Безвозмездные поступления | | 3789,0 | 3790,0 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120201001100000150 | 3121,0 | 3122,0 | 100,0 |
| Субсидии в том числе | | 668,0 | 668,0 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержании автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000150 | 550,0 | 550,0 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в том числе средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120204014100000150 | 118,0 | 118,0 | 100,0 |
| Недофинансирование за ноябрь 2016г | | | | |
| Субсидия | 00120215009100000150 | 0,0 | | 0,0 |
| Субвенции | | 105,0 | 105,0 | 100,0 |
| | **в том числе** | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000150 | 105,0 | 105,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ:** | | **3990,0** | **4031,3** | **101,0** |

**Приложение №2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2021 г.**
**от 20 марта 2022 г. № 5**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2021 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2021 год | Кассовые выплаты за 2021 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО:** | | | | | **4181,6** | **3968,3** | **94,9** |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 1713,0 | 1603,3 | 93,6 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов государственной власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1713,0 | 1603,3 | 93,6 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 105,0 | 105,0 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 105,0 | 105,0 | 100,0 |
| Национальная безопасность правоохранительная деятельность | 001 | 03 | 00 | | 2,5 | 2,5 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 480,1 | 480,1 | 100,0 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 480,1 | 480,1 | 100,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 826,5 | 812,1 | 98,3 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 826,5 | 812,1 | 98,3 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 920,0 | 919,1 | 99,9 |
| Культурно-досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 920,0 | 919,1 | 99,9 |
| Социальная политика | 001 | 10 | 00 | | 97,0 | 48,7 | 50,2 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 97,0 | 48,7 | 50,2 |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 25,0 | 0,0 | 0,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 15,0 | 0,0 | 0,0 |

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорькь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.